

Jiskaske nou rankontre ankò

Pa Prezidan Thomas S. Monson

Nou dwe pèsevere jiskalafen, paske objektif nou se lavi etènèl nan prezans Papa nou ki nan Syèl la.

Frè m ak sè m yo, kè m ranpli ak rekonesans pandan n ap apwoche nan fen bèl konferans jeneral Legliz la sa a. Nou te espiyèlman nouri pandan n t ap koute konsèy ak temwayaj moun ki te patisipe nan chak sesyon yo. Mwen sèten ke m ap pale nan non tout manm toupatou lè m eksprime pwofon apresyasyon pou verite yo te anseye nou yo. Nou ta gen dwa repete pawòl sa yo nou jwenn nan Liv Mòmon an, ki di: “Wi, nou kwè tout pawòl ou te pale yo; epi tou, nou konnen reyèlman yo se verite, akòz Lèspri Senyè Toupuisan an.”¹

Mwen espere nou pral pran tan pou nou li diskou konferans yo, ki pral parèt nan revni *Liahona* ak *Ensign* mwa Novanm nan, paske yo merite pou nou byen etidye yo.

Ala yon benediksyon sa ye dèske nou te kapab rankontre la a isit la, nan bèl Sant Konferans sa a, nan lapè ak rekonfò ak sekirite. Nou te gen pi plis repòtaj sou konferans lan, ki travèse oseyan ak kontinan pou rive atenn moun toupatou. Menmsi anpil nan nou menm lwen anpil, nou santi lèspri nou e nou voye lanmou nou ak apresyasyon nou pou nou.

Pou nou menm Frè yo ki te relve nan konferans sa a, mwen vle eksprime rekonesans sensè mwen pou nou tout pou pakèt ane sèvis devwe nou. Nou pa ka konte moun ki beni pa kontribisyon nou nan travay Senyè a.

Kè Tabènak la ak lòt koral yo ki te patisipe nan sesyon yo te prezante vrèman bèl mizik selès ki te ranfòse ak anbeli tout lòt bagay ki te fèt yo. Mwen remèsye nou dèske nou pataje talan ak kapasite mizikal nou avèk nou tout.

Mwen renmen e m apresye fidèl konseye m yo, Prezidan Henry B. Eyring ak Prezidan Dieter F. Uchtdorf. Yo se vrèman moun saj ak konpreyansif, epi sèvis yo enpeyab. Mwen pa t ap ka fè tout sa m aple pou m fè yo san sipò yo ak asistans yo. Mwen renmen e m admire Frè m yo nan Kolèj Douz Apot yo ak tout frè nan Kowòm Swasanndis yo ak nan Episkopa Prezidan an. Yo sèvi avèk jenewozite ak efikasite. Mwen eksprime apresyasyon m tou pou fi yo ak gason yo k ap sèvi kòm ofisye jeneral yo.

Ala beni nou beni dèske nou gen levanjil retabli Jezikri a. Li ba nou repons pou kesyon konsènan ki kote nou soti, poukisa nou isit la, ak ki kote nou prale lè nou kite lavi sa a. Li pote sans ak objektif ak espwa nan lavi nou.

N ap viv nan yon mond twouble, yon mond chaje ak pwoblèm. Nou isit la sou tè a pou nou fè fas ak pwoblèm endividyèl nou yo pi byen nou kapab, pou n aprann nan men yo epi simonte yo. Nou dwe pèsevere jiskalafen, paske objektif final nou se lavi etènèl nan prezans Papa nou ki nan Syèl la. Li renmen nou e plis pase tout bagay, li vle nou reyisi nan objektif sa a. L ap ede nou ak beni nou si nou rele li nan lapriyè nou yo, pandan n ap etidye pawòl li yo, ak pandan n ap obeyi kòmandman l yo. Se nan bagay sa yo n ap jwenn sekirite; se ladan yo n ap jwenn lapè.

Se pou Bondye beni nou, frè m ak sè m yo. Mwen remèsye nou pou priyè nou fè pou mwen yo ak pou tout

lòt Otorite Jeneral yo. Nou pwofondeman rekonesan pou nou menm ak pou tout sa n ap fè pou fè avanse wayòm Bondye a sou tè a.

Se pou benediksyon selès yo vide sou nou. Se pou kay nou ranpli ak lanmou ak koutwazi epi avèk Lespri Senyè a. Se pou nou konstaman nouri temwayaj nou konsènan levanjil la, pou yo kapab yon pwoteksyon pou nou kont pèsèkasyon Satan.

Konferans lan fini kounyeya. Pandan n ap retounen lakay nou, se pou nou ale an sekirite. Se pou lespri nou te santi la a rete epi demere avèk nou pandan nou prale pou n fè aktivite chak jou nou yo. Se pou nou montre plis jantiyès youn pou lòt; se pou yo toujou jwenn nou ap fè travay Senyè a.

Mwen renmen nou; m ap priye pou nou. Mwen di nou orevwa 'jiskaske nou rankontre ankò nan sis mwa. Nan non Senyè nou ak Sovè nou an, Jezikri, amèn.

Nòt

1. Mozya 5:2.